

Lekòl Piblik Norwich Enskripsyon sou entènèt ak Enstriksyon Aplikasyon an



**Yo aksepte aplikasyon pou lotri lekòl
l Magnet soti 1ye janvye rive 31 mas.**

**Yo aksepte aplikasyon pou lekòl
matènèl pandan tout ane a.**

Vizite sit entènèt nou an

www.norwichpublicschools.org/register

Oswa

Eskane



Kreye yon kont

Elèv AKTYEL NPS yo:

Tout elèv aktyèl yo gen kont SchoolMint ki egziste deja!

1. Aksede kont ou pa klike sou bouton "CURRENT NPS STUDENTS" (ELEV AKTYEL NPS).
2. Nan zòn koneksyon an, antre imèl oswa nimewo telefòn selilè ou te bay Lekòl Piblik Norwich la kòm enfòmasyon kontak pou pitit ou a.
3. Klike sou "FORGOT PASSWORD" (BLIYE MODPAS) pou jwenn yon lyen pou refè modpas ou..
4. Swiv direksyon ki nan lyen refè modpas la.

NOUVO Elèv NPS:

Tout elèv ki pa NPS dwe kreye yon kont anvan.

1. Klike sou bouton "CREATE AN ACCOUNT" (KREYE YON KONT) lan.
2. Swiv enstriksyon yo.

Soumèt yon Aplikasyon

Elèv AKTYÈL yo:

1. Ale sou bouton "HOME" (KAY) la.
2. Klike sou bouton vèt "Add/Edit Application or Registration" (Ajoute /Modifye Aplikasyon oswa Enskripsyon).
3. Chwazi ane lekòl ki kòrèk la (sa vle di 2021-2022) ak non elèv la.
4. Chwazi "YES" (WI) pou kesyon Enskripsyon NPS la epi chwazi lekòl aktyèl elèv la.
5. Chwazi klas aktyèl elèv la ak klas yap aplike pou li a, klike sou "NEXT." (APRE)
6. Chwazi "Step 2 – Magnet Lottery/Preschool Application," (Etap 2 - Lotri pou lekòl Magnet / Aplikasyon pou lekòl matènèl) klike "NEXT." (APRE)
7. Chwazi lekòl ou vle aplike a, klike sou "NEXT." (APRE)
8. Ranpli fòm aplikasyon an epi soumèt.
9. W ap resevwa yon imèl oswa yon mesaj pa tèks kou w fin soumèt aplikasyon w lan.

TANPRI PRAN NOT: Tout elèv aktyèl k ap aplike nan yon lekòl Magnet NPS pou premye sik segondè oblije bay prèv rezidans.

NOUVO Elèv:

1. Ale sou bouton "HOME" (KAY) la.
2. Klike sou bouton vèt "Add/Edit Application or Registration" (Ajoute /Modifye Aplikasyon oswa Enskripsyon).
3. Chwazi ane lekòl ki kòrèk la (sa vle di 2021-2022) ak non elèv la.
4. Chwazi "NO" (NON) pou kesyon Enskripsyon NPS la. Pou kesyon lekòl aktyèl elèv la, tanpri tape "not applicable" (pa aplikab) si pitit ou a pa ale nan yon lekòl kounye a.
5. Chwazi klas aktyèl elèv la ak klas y ap aplike pou li, klike sou "NEXT." (APRE)
6. Kontinye ak "Step 1 – New Student Registration" (Etap 1 - Enskripsyon Nouvo Elèv).
7. Yon fwa ou fin soumèt Pake Enskripsyon an ou ka kontinye ak "Step 2 – Magnet Lottery/Preschool Application" (Etap 2 - Lotri pou lekòl Magnet / Aplikasyon pou lekòl matènèl).

TANPRI PRAN NOT: Nenpòt elèv ki gen laj, ki abite kounye a nan Norwich elijib pou enskri pou ale nan lekòl nan Norwich.